ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1824 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№176 (22.584) ● 2013 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 11, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Ди зэпыщІэныгъэхэр

ХьэщІагъэм ахъши къыпокІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм нкІыу Италием щыщ Тироль Ипщэ-Больцанэ щІыналъэм кІуа делегацэм хэтхэр ящэ мэфэ щрагъэблагъэ щІыналъэм и парламентым. А Іуэхущапкъэм и унафэщІ Ебнер Михаил Урысейм нкІа хьэщІэхэм фІэхъус псалъэхэмкІэ закъыхунгъэщІ.

АБЫ И жэуапу Къанокъуэ Арсен ныкъхирэщхьэхухьащІ республикэм и лІыкІуэхэр гъэгуанэ щІытеуа Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэу къыдэралытІэр. «Дэ псом яІэу дыкъыдэхтекІухьар фи гъэжькІэм щыгъуаэз зытщІынырщ, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм. - Италием и щІыхэмрэ дрэ агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэм илъэс зыбжанэ ІьандэрэІэ дыщІыздолажьэ. Иджы дэ дыхущІокъу а зэдзэкъэныгъэм зедгъэубгъуу, нэгъуэщІ Іэнатіэхэри къызэрызэщІэдубыдэным. Дыкъыщежьэм сэ Правительствэм и гъэжьагъэ кІуэхэм къадэкІуэу гупым хэзгъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ районхэу тризмэмрэ мэкъумэщ хозяйствэмрэ нэхъ псынщІэу зыщІызыужьхэм я Іэпащхьэхэр, республикэм и аграрнэ университетым и унафэщІхэр, мэкъумэщ Іэнатіэм щылажьэ хъэрычэтыщІэхэр».

Больцанэ автономнэ щІыналъэм и президентым и аппаратым и унафэщІ Іютер Клаус и докладыр тринуухущ мы щІыналъэм и зыужьыкІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, зыужьынигъэм и ІьабжьэкІэ тризмэмрэ мэкъумэщ хозяйствэмрэщ: «ЩІыналъэм хьэхь муниципалитету 116-ми туризмэм хуабжьу зыщІужьащ. Ди щІыпІэм псори зэхэту щІыпсэур щІыху мин 500 хьуурэ аращ, ауэ зы илъэсым кІыриубылэу дэ туристу къедгъэблагъэр зэкъэрэрапу Грецием илъэсым щІызэблэкІым нэхърэ нэхъыбэ мэхъу. Дэ туризмэм и лІэужьыгъуэ куэд къыдогъэсэбэп, уеблэмэ, ди щІыпІэм, зэкІэмкІэ, теухуахэр диІэщ, абы къыхэкІыу туристхэр гъэмахуэмэ щІымахуэмэ къытхуокІуэ».

Школхэр зехьным къэралым ахъшэ къыхилъхьэркъым, абы и гъэныкъуэкІэ зыхуей псори еоя щІыналъэм къыдэрегъэпэщыж.

КъБР-м и Іэтащхьэр щІэупщІащ туристхэм папщІэ хьэщІэщхэм къекІуэлІэхэм я бжыгъэм, экономикэм и Іэнатіэм ику ИТ щат дэжьапІэщІэр зыхуэдизым, демографием и щытыкІэм. ХьэщІэм къызэрыжриІамкІэ, илъэсым и нэхъыбапІэм хьэщІэщхэм, псом хуэмыдэу хьэщІэщ нэхъыфІ дыдэхэм, щІыхуэр щІэщІ. Уеблэмэ, щІымахуэм хьэщІэщхэр зэпэуфыда щхьэку щыІэщ. ЩІыналъэм щыпсэу щІыхуэхэм ику иту щхьэкІэ щІэныгъэ щІыпІэ щІыхуэхэм я щІыпІэ ІьагъэІ, и щІыпІэ ІьагъэІ, и дунейр дахэрэ узынщагъэ иІэу, унагъуэ насыпым щымыІэу псэуну, зыщІхьэхуэ, фІыгъуэу къыльытэ псомкІи Тхьэр кыхуэупсэну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и пэжыдыкІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэгъэхуэбжьауэ зыхуегъэхьэзыр фокІадэм и 26-29-хэм Сочэ къыдэлъ щекІуэкІыну XII дунейпсо инвестицІэ зэхьэхьэшхэм. Абы ди республикэм утыку къыщирихьэнущ инвестицІэ проект лъэщу тІу.

ЯПЭ ПРОЕКТЫР зытеуухуар Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъкІи и зэхэлъыкІэкІи дунеи псом щыІэ спорт курорт нэхъ зызыужьахэм къакІэрымыкуу ІэнатІэ республикэм щызэтегъэувэнырщ. Абы ипкъ иткІэ дяпэ илъэси 10-15 хуэдизкІэ республикэм гъэ къэж зыщызыгъэнсэхуэм я бжыгъэр цІыху зы мелуаным нагъэсыну, абы пыщІа лэжьапІэ ІэнатІэщІэу мин 25-рэ хуэдиз къэзрагъэпэщыну я мурадщ.

Мы проектыр щагъэзэщІэну яп лъэхэнэм курыбудэу Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым къыщызэрагъэпэщынущ зыхуэфащэ инфраструктурэ псори зиІэ «Іуащхьэмахуэ льапэ» къурш-рекреацІэ комплексыр. Курортым махуэ къэс цІыху мин 25-м Іуэхутхьэбзэхэрэ ящІэжьІфынущ. Абыхэм лыжэкІэ къыщажьхьыну гъэгухэр псори зэхэту километри 100-м щІигъунущ.

ЕтІуанэ проектыр зытеуухуар псынщІэу КъыщыпыкІэ жыг хадэхэр хэсэнырщ. Ар идкъыпсту республикэм и мэкъумэш ІэнатІэм яп щрагъэщІэу Іуэхуэм ящыщщ. ТІуми я программэр зэтеухуэрт: цІыхухэм мыльку ятегуэшэн хуейщ захуагъэр и ІьабжьэщІ.

Вашингтон и мурадхэм щы хьэрейр тІуэу ягуэшащ. Языныкъуэхэм - Франджым, Канадэм, Тыркум, апхуэдэу абы и жьаум нэхъ быдзу щІэзувэну хуей Румынием, Косовэм хуэдэхэм - даІыгъ щащ США-р. АрщхьэкІэ лажьэ зимыІэ хэзрал щхьэхуитым хьэкІэхъхъкІагъэ кІэлъыІэзрахьэу зэрамыдэр жаІэкІэщ Урысей Федерацэм, Китаймрэ, Индиемрэ, Аргентинэмрэ, Бразилиемрэ, дунейм и нэхъ мусылымэн къэралышхуэ Индонезиемрэ, ЮАР-м, Италиемрэ, ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэм, Рим и Папэм...

ЦІыхухэм зэреупщІам къыгъэлъэгуащ американхэм я процент 51-р зауэ Іуэхухэм я бийуэ къызэрыкІыр. Абыхэм яхэтщ 2012 гъэм екІуэкІа хэхъныгъэхэм США-м и президентым и кандидату хэта Пол Рон. «Сириемрэ теуэныр зыгъэзахуэу зэхуэхьэса псори пцІы зэфэзэщІы», - жиІащ абы.

Зэпэщ Іэувэныгъэ къэхъумэ, къырикІуэнур ди нэгу кІыщІэдгъэхьэнщ. Зыми щэч къытрихьэркъым абы ижь-Іей дунейпсо экономикэм зэрыщІихуэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, апхуэдэхэм дежь хабзэу зэрыуваци, щІыдагъэм и уасэр дэуеинущ, ауэ апхуэдэу зэрыщытынур пІалъэ кІэщІкІэщ. Асад Башар традэмэ, тетыгъуэр зыІэрыхьэнур исламистхэрщ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, Сириием властымрэ динымрэ щыІэзэпщІэхуэу щытыжьынущ: нАІуэу зэрыщытщи, КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Африкэ Ищхъэрэмрэ иджыри къэс апхуэдэ къэралу къыщынэжар а зырт (Тунисым и гугъу тщІынкъым, абы и Іуэхур нэгъуэщІщ).

(КІэухыр 2-нэ нап.)

● ДызыгъэпІейтей Іуэху

Блэм и шэрэзыр тришэщІакІэщ. Еуэну пІэрэ?

Абы и жэуапыр зэІуб3 щыхъунут мы номерыр къыдэкІа нужьщ. НАІуэу зэрыщытщи, президент Обамэ Барак США-м и Конгрессым зыхуигъэзащ Сириием и бийуэ зауэ Іуэхуэхэр зэхимбІэным теухуауэ къыхилъхьэ жэрдэмыр къыдиІыгъыну къыхуриджэу. ЯмыгъэІэпхъуэмэ, Іэ щІэзытынур фокІадэм и 11-рщ.

АР ДЫДЭМКІЭ Вашингтон хохьэ «жьІэмыдаІуэхэр къэгъэІэсэным» хуэунэтІа си чэзу зауэм. Нэхъапэм апхуэдэ «университетхэр» къаригъэхащ Иракым, Ливием, Югославием. Иджы и пІалъэр къэсащ Сириием. Сыт щыгъуи хуэдэу щхьэхуитыуи къыкъуэкІащ: Вашингтон Дамаск егъэзыхуанщэ езым и ныкъуэкъуэгъуэм я бийуэ зарин газ шынагъуэр къигъэсэбэпащ. АрщхьэкІэ илъэситІ хьуауэ дуней псор зыкІэлъыплъ Сириием и тетхэм псоми яІъагъу химие Іэщэ къигъэсэбэпауэ уегупсысыну къудейр делагъэщ: абы къокІ езыхэм зауКІыжу. ЕтІуанэрауэ, Іэщ1агъэпІэхэм жаІакІэщ а Іэщэр зэрыбгъащІыр икІи заводым зэрыщамыгъэхьэзырар. Апхуэдэу щыщытКІэ, шэч гуэри хэлъкъым иужь зэманым хуабжьу хагъащІэ оппозицэм ар зэрэІэдакъэщІэкІым.

Мы Іуэху мыщхьэпэм уигу кьеГъэкІыж Крылов Иван и басням хэт псалъэхэр: «Уэ узэрыкъуанщэр сэ сэшхэм зэрыхуейрщ!» США-м куэд щІауэ игу кІыхуоплъ езым и бльгу къыщІэмыцІэ икІи и щхьэ и унафэ ищІыжу псэу Сириием. Абы Израильм и щхьэ хуигъэщхьыркъым, Щам журт къэралым хуегъэув иубыда ищІэр иритыжыну. А псом ищІыжкІэ совет лъэхъэнэм къыщыщІэдзауэ ноБар къыдэдэсым ди Урысей Федерацэр кьеГъэныбжьагъу, КПСС-мрэ абы пашэныгъэр щызыІыгъ Хьэрып къэщІэрэщІэжьныгъэ партымрэ зэпыщІауэ икІи дунейпсо утыкум щызэдзлажьэу къэгъэуэгурыкІуащ. ТІуми я программэр зэтеухуэрт: цІыхухэм мыльку ятегуэшэн хуейщ зауагъэр и ІьабжьэщІ.

Вашингтон и мурадхэм щы хьэрейр тІуэу ягуэшащ. Язныкъуэхэм - Франджым, Канадэм, Тыркум, апхуэдэу абы и жьаум нэхъ быдзу щІэзувэну хуей Румынием, Косовэм хуэдэхэм - даІыгъ щащ США-р. АрщхьэкІэ лажьэ зимыІэ хэзрал щхьэхуитым хьэкІэхъхъкІагъэ кІэлъыІэзрахьэу зэрамыдэр жаІакІэщ Урысей Федерацэм, Китаймрэ, Индиемрэ, Аргентинэмрэ, Бразилиемрэ, дунейм и нэхъ мусылымэн къэралышхуэ Индонезиемрэ, ЮАР-м, Италиемрэ, ООН-м и Секретарь нэхъыщхьэм, Рим и Папэм...

ЦІыхухэм зэреупщІам къыгъэлъэгуащ американхэм я процент 51-р зауэ Іуэхухэм я бийуэ къызэрыкІыр. Абыхэм яхэтщ 2012 гъэм екІуэкІа хэхъныгъэхэм США-м и президентым и кандидату хэта Пол Рон. «Сириием теуэныр зыгъэзахуэу зэхуэхьэса псори пцІы зэфэзэщІы», - жиІащ абы.

Зэпэщ Іэувэныгъэ къэхъумэ, къырикІуэнур ди нэгу къыщІэдгъэхьэнщ. Зыми щэч къытрихьэркъым абы ижь-Іей дунейпсо экономикэм зэрыщІихуэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, апхуэдэхэм дежь хабзэу зэрыуваци, щІыдагъэм и уасэр дэуеинущ, ауэ апхуэдэу зэрыщытынур пІалъэ кІэщІкІэщ. Асад Башар традэмэ, тетыгъуэр зыІэрыхьэнур исламистхэрщ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, Сириием властымрэ динымрэ щыІэзэпщІэхуэу щытыжьынущ: нАІуэу зэрыщытщи, КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Африкэ Ищхъэрэмрэ иджыри къэс апхуэдэ къэралу къыщынэжар а зырт (Тунисым и гугъу тщІынкъым, абы и Іуэхур нэгъуэщІщ).

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Дунейпсо зэхьхьэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

Иджыблагъэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ республикэм щыІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и лІыкІуэхэр.

АБЫХЭМ ящІыгъуащ франджы компание зыбжанэм я ІэщІагъэлъэхэрэ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Марьяш Ириней, КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Мусуков Алий сымэ ящІыгъуу хьэщІэхэр епІащ «Эльбрус-Безенги» туристрекреацІэ комплексым хиубыдэ Іуэхущапкъэм.

ИужькІэ лъэныкъуитІым я лІыкІуэхэр тепсэлъыхьащ курортым зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, Европэм щынэхъ льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ бгыр туризмэм ехьэлІауэ нэхъ нэсу къызэрагъэсэбэпынхъэм. ЛъэныкъуитІми къыхагъэщхьэхуГащ Іуащхьэмахуэ дэкІ кІапсэ гъуэгум кьэхэгъэхъуапхъэу къызэралъытэр. Ар яхуэзэфІэкІмэ, ЩІымахуэ зэманым и мызакъуэу, гъэмахуэмэ зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэкІэр нэхъыбэ хъунущ. Апхуэдэу псалъэмакъым къыхэщащ туристхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр, инфраструктурэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

КЪУЩХЬЭ Санэ.

Франджыхэм Іуащхьэмахуэ деж къыщыхалъхьэ

Иджыблагъэ лэжьыгъэ ІуэхукІэ республикэм щыІащ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и лІыкІуэхэр.

АБЫХЭМ ящІыгъуащ франджы компание зыбжанэм я ІэщІагъэлъэхэрэ. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Марьяш Ириней, КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министр Мусуков Алий сымэ ящІыгъуу хьэщІэхэр епІащ «Эльбрус-Безенги» туристрекреацІэ комплексым хиубыдэ Іуэхущапкъэм.

ИужькІэ лъэныкъуитІым я лІыкІуэхэр тепсэлъыхьащ курортым зегъэужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, Европэм щынэхъ льагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ бгыр туризмэм ехьэлІауэ нэхъ нэсу къызэрагъэсэбэпынхъэм. ЛъэныкъуитІми къыхагъэщхьэхуГащ Іуащхьэмахуэ дэкІ кІапсэ гъуэгум къыхэгъэхъуапхъэу къызэралъытэр. Ар яхуэзэфІэкІмэ, ЩІымахуэ зэманым и мызакъуэу, гъэмахуэмэ зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэкІэр нэхъыбэ хъунущ. Апхуэдэу псалъэмакъым къыхэщащ туристхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр, инфраструктурэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр.

КЪУЩХЬЭ Санэ.

● Кавказ джэгухэр-2013

Псыхуабэ кІуэнухэр къыхах

«Кавказ джэгухэр-2013» спорт фестивальм и республикэ зэпеуэхэу Гагарин Юрий и цІэр зэрихьэу Тэрч кьалэ дэт стадионым махуитІкІэ щекІуэкІам къырикІуэхэр зэхалъхьэжащ. Зэпеуэхэм хэтащ муниципальнэ хуей 13-м я спортсмен 400-м щигъу. Судьё нэхъыщхьэу щытар Анаев Аслъэщ.

ФЕСТИВАЛЫР парадкІэ къыщІадзащ. Спортсменхэм, зэхьэзэхуэхэм епІыныу къыхэзэхуэсахэм фІэхъус псалъэхэмкІэ зыхуагъэзащ КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэнрэ Тэрч муниципальнэ куейм и тхьэмадэ Пэнагуэ Максимрэ. Ирагъ илъэсым екъуІэныгъэфІхэр зиІэ тренерхэу, спортсменхэу «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер», «Урысейм спортымкІэ и мастер» щІэ льапІэхэр зыхуагъэфэщахэм а дамыгъэхэр ирагъэкІащ.

АдэкІэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм щІидзащ. Япэу утыкур яубыдащ бгырыпх бэнэкІэм и спортсменхэм, армспорт атлетхэм, футболистхэм. Махуэр и кум нэсауэ ягъэзэІуащ спорт зэмыІэужьыгъэ зыбжанэм къырикІуахэр. Бгырыпх бэнэкІэ зэпеуэм дыщэ медалхэр кьыщахьащ Шэрэдж ахуитымкІэ и спортсменхэу Гъукіэ Хьэбас, Эфендиев Расул, Дохьушокъуэ Хьэчим сымэ. КІапсэкІэ дэпщеиным бжьыпэр щичыбыдащ Бахьсэн районым и спортсмен Кугъуэт Тимур. Армспорт зэпеуэм и дыщэ медалхэр яІыысащ налшыкдэс Бесльэней Аслъэн, Бахьсэн щыщ Шыбзыхуэ Елдар, Прохладнэ куейм и спортсмен Гымдыгъу Сэхьид сымэ. Кьару троебореркІэ зэпеуахэм Аруан куейм и спортсмен Шыбзыхуэ Анзор псоми щеГъэкІащ. Хьэлъэ гъэІэпхъуэн зэпеуэм къигъэуВырт дэтхэнэри килограмм 50 хьууэ кьэпищ ІэрыгъажьКІэ метри 100-кІэ яшэн хуейуэ. Абы щытекІуащ Дзэлыкъуэ куейм щыщ Щоджэн Аниуар. Прохладнэ куейм и спортсмен Гымдыгъу Сэхьид сымэ. Кьару троебореркІэ зэпеуахэм Аруан куейм и спортсмен Шыбзыхуэ Анзор псоми щеГъэкІащ. Хьэлъэ гъэІэпхъуэн зэпеуэм къигъэуВырт дэтхэнэри килограмм 50 хьууэ кьэпищ ІэрыгъажьКІэ метри 100-кІэ яшэн хуейуэ. Абы щытекІуащ Дзэлыкъуэ куейм щыщ Щоджэн Аниуар. Хьэлъэ къэІэтын зэпеуэм къигъэуВырт дэтхэнэри ираташ. ТекІуэныгъэ къэзыхьажэм ехьэухьэуащ Шэрэдж куейм администрацэм и тхьэмадэ Темиржанов Махьтыбі, КъБР-м спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Мамхэгъэ Хьэчим, республикэр зэрыгушхуэ спортсмен цІрыІуэ, олимп чемпион Хьущт Аслъэнбэч сымэ.

«Кавказ джэгухэр-2013» фестивальм и кІэух зэхьэзэхуэу жэпуэгъэуэн и 5-6-хэм Пятигорск кьалэм щекІуэкІынкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэхэтынухэм я унэцІэхэр мыгувэу кІэрыІуэнущ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

Іуэхъэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбарэм фыщыгъэхьэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыписалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ 8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкІэ.

● Хъуэхъу

ЦІыхубэ егъэджакІуэ

КъытщІэхъуэ щІэблэр егъэджэныгъэм гъэсэныгъэ, ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым зегъэужьыныгъэ щІегъэлъ зэчийхэр къэгъэнэхуэныгъэ илъэс 40-м щІигъукІэ хьэлэлу хуэлэжьахэм яцыщщ эи ныбжьыр мы махуэхэм илъэс бжыгъэ екІу ирикъу адыгэ бзыльхугъэ щыпкъэ Кьанщыкъуей Римм Хьэмид и пхьур.

САБИИПСЭ кьабзэм хуэдэу эи псэр зэІуха Риммэ ди республикэм щыщІэрыІуэщ зэфІиха Іуэхугъуэ дахэхэмкІэ. Ар 1938 гъэм Хьэтуей адыгэ кьуажэжьым кьыщалъхуащ. Щэнтхъу щІэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, 1956 гъэм КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэр щадж фаКультетым щІэтІысхьащ икІи ар екъуІэныгъэкІэ кьиухри, 1961 гъэм егъэджакІуэу лэжьэн щІидзащ. Зи кьалэм зэр ныкъуСаныгъэншэу зыгъэзащІэ Кьанщыкъуейм абы фЫщІэ куэд кьыхуэдкІуащ: Бэракъ Плышкъ орденыр, «ГъащІэдэкІ хьэлэлым папщІэ» медалыр, щытхъу тхыльхэр, нэгъуэщІ дамыгъэхэри кьыхуагъэфэщащ, СССР-м и цІыхубэ депутату щытащ. 1981 гъэм Кьанщыкъуейм къэралым гулъытэ кьыхуищІащ: абы «СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ» цІэ льапІэр кьыфІащ. Ахэр я щыхьэтщ и кьалэнхэм Риммэ и гуи и псэ хилъхьэу, Іуэхур иригъэфІакІуэу дапщащэ зэрыштэрэм.

ЗэфІэкІ льагэ зыбгъэдэль, нэмысыщхьэрэ хабзэрэ зыхэль, бзыльхугъэ гъащІэфІэ Кьанщыкъуей Риммэ Хьэмид и пхьум дохьэхьу и пщІэр льагэу, и дунейр дахэрэ узынщагъэ иІэу, унагъуэ насыпым щымыІэу псэуну, зыщІхьэхуэ, фІыгъуэу кьыльытэ псомкІи Тхьэр кьыхуэупсэну.

«Адыгэ псалъэ» газетым и пэжыдыкІуэхэр.

● Министерствэхэм

Пщэрылъхэр ягъэзащІэ

КъБР-м Энергетикэмкіэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкіэ и министерствэм щыщхьэуІуэм и 26-м Щэджэн районым зэІущІэ щриГъэкІуэкІащ. Абы щыІэзэпкрахащ республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен бдзэуэгъуэ мазэм я куейм щыкІуам ящІа пщэрылъхэр гъэзэщІа зэрыхъуар.

КЪУЗЭРЫХАГЪЭЩАМКІЭ, ахэр пІалъэ кІэщІым къриубыдэу зэфІагъэкІащ. Кьапщтэмэ, мы гъэм яубрууа кьыщІэщыпІэр зыхуей хуагъазэри, Щэджэн кьалэм Вэрокъуэм и цІэр зезыхьэ, Щкольнэ уэрамхэм псыр ящІащ.

- Кьалэм жьы хуэа псы яІэпІэу километрыс щытхъуэжьнущ. «2011-2015 гъэхэм КъБР-м и псэупІэ-коммунальнэ комплексыр реформэ зэращІынырэ зэрыгагъэфІэкІуэнумрэ» республикэ программэ хэхам хэдгъэхьэнурэ, а лэжьыгъэм ептІэнэгъэ щІэддзэнущ, - къыгъэлъэгуащ министр Кучменов Тэхьир.

Щэджэн кьалэм и Садовэ уэрамым километр 1,5-м псы фІей щІэжьпІэр щызэрагъэпэщыжь. ЕтІысэжа республикэм зэрахъуэкІауэ, кхъуафэхэр ягъэжьабзэ. Щхьэлыкъуэ, Нартан къуажэхэм я сабий гъэсапІэхэм я котельнэхэм хьэку щхьэхуэхэр щагъэуВащ. Хуабэ кьэзыт Іэмэпсымэхэр бжьыкъэщІымахуэ лъэхъэнэм кьызэрагъэсэбэпынум хуэхьэзырщ.

КъБР-м Энергетикэмкіэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

Дунейм щыкъыІобархэр

ЩІыІэ къэмыхъу щІыкІэ

КъуэкІыпІэ Жьжьэм и щІыналъэхуу псыдзэ зыщІэхуахэм щыпсэуэр щІымахуэм хуэщІауэ ирихьэлІэн папщІэ зыхуэфащэ дэжьыгъэхэр икІэщІыпІэкІэ зэфІагъэкІыну Правительствэм кьалэн щищІащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий.

ЗэрытщІэщи, а щІыпІэм щІыІэр зэхъэ пасэу кьахуокІуэ, аращи, абы и пэ кьыхуэу цІыхуэхэр ягъэхуабэ унэхэм щІэсыр хуейуэ хуагъэуващ.

«Ди жагъуэ зэрыхъэнущи, псым идкъыри иІыгъщ щыпІэ куэд, абыхэм щытыкІэр икъуКІэщІыгъуащ, ауэ цІыхухэм я псэуКІэр зыхуэдэнур зэлъыта псоми я кьалэн яГъэзэщІэн хуейщ», - жиІащ Медведевым. ЦІыхухэр, Іуэхущапі зэхэуэмыдэхэр уэздыгъэкІэ, хуабжьу кьызэзыгъэпэщІ ІэнатІэхэм псом хуэмыдэу я пщэ кьалэнышхуэ кьызэрыдгъэхэр кьыхигъэщащ Правительствэм и Унафэщым.

«ЦІыхухэр пІалъэкІэ щыІэну здэтша псэупІэхэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу зы цІыхуи кьыщІэдгъэнкъым. Псори унэ хуабэхэм дгъэІэпэхьунущ, - жиІащ Премьер-министрым и кьуэдзэ, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу КъуэкІыпІэ Жьжьэм федеральнэ округым щыІэ Трутнев Юрий.

Іэмал нэхъыбэ иІэ мэхъу

Жуков Александр Дунейпсо Олимп комитетым хагъэхьащ.

Анхуэдэ унафэ кьыщащтащ МОК-м и 125-нэ сессиеу Буэнос-Айрес щекІуэкІыж. Урысейм и Олимп комитетым и президент Жуковым и тельхьэу Іэ яІэтащ апхуэдэ хуитныкъэ зиІэ щІыху 94-м щыщу щІыху 63-м.

«Иджы Урысей Федерацэм щыщ щІыхуипІ хэтщ а комитетым икІи ди къэралым Іэмал нэхъыбэ иІэ хъунущ абы кьыщащтэ унафэхэм хэІэбэну», - жиІащ Жуковым.

Къэхутэныгъэ гъэщІэгъуэн щІэщ

Дэвис кьалэм (США) дэт Калифорнийскэ университетым и щІэныгъэлІхэм кьагупсысар зымыгъэщІэгъуэн бгъуэтыну кьыщІэкІынкьым: абыхэм зэхалъхьар щхьІм щІэбгъэжмэ, ар фІей хъуркьым.

Нэхъ тэмэму жьпІэмэ, цІыхум и Іэпкьлъэпкьым зэрал хуэхъунуэр щыгъынымкІэ щІэныгъэкІ гуэрщ ар. Дыгъэ зэрыгъэсу, уеблэмэ ар токІуэ кІэтІиІ узыфэ щынагъуэ куэд кьэзыгъэхьэ е.coli палочкэ жьыуа-Іэми. Ар щыгъынымщІэбгъэжьым и закъуэкъым, атІэ фэм кьыхэщІыкІа хьэщІыпхэми щыпхэр мэхьу (псалъэм папщІэ, Іэпщэ сыхьэтыпсэм, Іэпщэхъуэхэм, кьынэмыщІхэм). Гум ирибыдэтъуэйм и мызакъуэу икІи жьІэгъэйщ абы фІаращар - антрахинон-2-карбоновэ кислота (е 2-АС), ауэ щІэныгъэлІхэм щэч кьытрахьэркъым ар щыхъэм хуабжьу сэбэн зэрахъхьунум.

«Псом хуэмыдэу абы щыгуфІыкІыну ди гугъэщ жьыщІэн зи жагъуэхэр, - мэзыщІэ щІэныгъэлІхэр. - Апхуэдэу щытми, щхьэхьынэхэр, нэгъуэщІ мыхьуми, кьэтэджу дыгъэм зэзэмызэ хьыхьэн хуей хъунущ».

НэгъуэщІ бгъэщІэгъуэн куэди кьэзыгъэщІ щІэныгъэлІхэм кьагупсысам - кислотар щІэбгъэжа нэужь щыгъыныр мызэ-мыТІэу бжьыщІми, ар щІилъэсыКІыжьыркъым.

НОБЭ

● 1943 гъэм Къуэныкъуей Назир зауэ кьалэн иІэу яп дыдэу уэгум ихьащ икІи ящІэмыцІэ кхъухьлъатэр кьрилъэдыхащ, абы папщІи генерал Савищкэм яп орденыр кьритащ.

●США-м я гу кьыщагъэкІыж 2001 гъэм а къэралым щалэжьа терактхэм хэкІуэдахэр. А щІэпхьаджагъэхэм хэкІуэдауэ щытащ цІыху минищым щІигъу.

●КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Дашу Хьэншыр** кьызэралъхуэ илъэс 84-рэ ирокъу.

●СССР-ми КъБР-ми я цІыхубэ артист **Кобзон Иосиф** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур (pogoda.yandex.ru) сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 20, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырыр **ЖЪЭКЭМЫХЪУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

Зэзэри зи хущхъуэ щыІэщ.

● Дыдэм и республикэр

Адыгэ шейр дунейм щагъэлъапІэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и шейгъэкІэхэм хабзэ яхуэхьуащ а къэжьыгъэ лІыжьмэ нашэу щытыныр. Иджы адыгэ шейр ищхьэрэ лъэныкъуэм щагъэкІэм ящыщу дуней псом щынэхьыфІу къальытащи, абы ирагъэ. Мы гъэм илъэс 75-рэ нэхъу Адыгейм шей щагъэкІ зэрыхъурэ.***

ШЫщХЬэУІУм и 31 - фокІадэм и І-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІащ шеймрэ кофемрэ я VI дунейпсо фестиваль. Адыгейм дыщэ медалитІ кьыщихьащ абы - адыгей шей удзыфэрри, шей фІыщІэри псом нэхьрэ нэхьыфІщ.

Тхьидэ къуэлей зиІэ республикэм и шейгъэкІ ІэнатІэм нэхьри зиужьыну ІэщагъэлІэхэр щогуГь. Къызэрыхэдгъащащи, ящэ шей хьэсэхэр Адыгейм иІэ зэрыхъурэ илъэс 75-рэ, Урысейм и мэкъумэш академием удз гъагъэ, субтропик къэкІыгъэхэмкІэ и ВНИИ-м и Адыгей къудамэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 45-рэ ирокъу. Абы теухуа зэхуэсэр щІэныгъэ зэхьэхьэрэ фокІадэм и 5-м екІуэкІащ.

Тосканэ, Трентино-Альто, Адидже

АБХЪАЗ. ***Республикэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и лэжьакІуэхэмрэ «Рондине - читадель мира» италиян ассоциацием и лІыкІуэхэмрэ Италием и Ареццо къалэм щызэхуэзащ. Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ Абхъаз щэнхабзэм и тхьэмахуэ Тосканэ, Трентино-Альто, Адидже щІыналъэхэм зэрыщрагъэкІуэкІыным.***

ИТАЛИЕМ и кьалэхэм я утхэм щагъэлъэпсэлъэну Абхъазым и сурэтыщІхэм, сурэттехэм я Іэдакъэщ1эхІхэр, кьэфакІуэ, уэрэджьакІуэ гупхэм я концертхэр. Лъэныкъуэхэм кьыхагъэщащ апхуэдэ щэнхабзэ Іуэхугъуэм Италиемрэ Абхъаз Республикэмрэ я зэпыщІэныгъэм нэхъри зэрызэригъэужьынур.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Кавказ джэгухэр-2013

(КІэухыр 2-нэ нап.)

ХьэщIагъэм ахъши къыпокIуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Министрым хэхаэу жиIащ КъБР-м и экономикэм нужьрей илъэсхэм псынщIэу зэрызнужьар, абы и фIыщIэкIэ валовэ щIыналъэ продуктым сом меларди 100-м нэсу зэрыхахъуар. Нужьрей илъэс зыбжанэм КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш IэнатIэм инвестицэ проект инхэр щагъэзэщIащ. Абыхэм ящыщ псынщIэу къыбгыкIэ жыг хадэхэр хэсэныр. Абы и лъэныкъуэкIэ республикэр Урысеем щыпасэщэ. Иджырей жыг хадэхэм мы зэманым гектар минитIым щIигъу яIыгъщ. Италием къыщагъэсэбэп технологиехэм тету жыгыщIэхэр щагъэкI питомникыу гектари 125-м. Абыхэм гъэ кьэс жыг хадэхэр хэзысэнухэм жыгыщIэу мелуани 3-м нэблагъэ ирашрофынуц. «Республикэм жыг хадэхэр щыгъэкIыным тещыхьэ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпныкIэ дэ ди лэжьэгъу нэхъыщIхэр Италиерщ. А къэралым и IэщагъэлIхэр чэнджэщи иджырей предприятхэр хуэныкIи къыддэIэпыкъу», - кIыхьи гъэщхьэхуIащ Мусуков Алий.

КъБР-м турист кластер къыщыдзэгъэпэщыным хуэгъэза проект иным и гугъу щищым министрым кьыгъэлъэгъуащ ар Италием, Франджым, США-м щыIэ бгы-лыжэ курортхэм зыкIи кьакIэрымыкъу зыгъэпсэхупIэхэр зэгетIэзуэзэным зэрыхуэунэтIар.

«Турист кластерым экономикэ щIыналъэ хэхам и статус иIэнущ икIи абы инвеститорхэмэ нэгъуэщI кьэралхэм щыщу кьыддэлажьэхэмрэ ефIэкIныгъэ щIхьэхуэхэр кьахуэзэригъэпэщыфныкIи Iэмал psori яIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ щIыналъэ хэхар мунципалитетэ району пIы кьыдзэщIэзыубыдэ щIыналъыщым щызэтрагъэувэнущ. Иужьрей илъэсхэм лэжьыгъэщхэр екIуэкIащ республикэм и инвестицэ щIыткIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ. Ди щIыпIэм и щIыткIэр абы хэпIъхьэжмэ, пыухыкIауэ жыпIэ хъунущ бизнесым и Iуэхур мыбы зэрыщыдэкIынур, нэгъуэщI кьэралхэм щыщ инвесторхэр фейдэнщэу кьыздэрымынэнур», - жиIащ министрым.

КъБР-м и Iэтащхьэм и лъэныкъ хьэщIхэр яшащ кIэрыкуфбжьэрыхэр щагъэс икIи электрокъарурмэ хуабэмрэ кьыщагъэкъ заводым. Ар Европэм щынэхъыфI дыдэу кьалытэ икIи бадзэуэгъуэ мазэм лажьэу жутIыпщауэ аращ. Кьанокъуэ Арсен зэпкърыхауэ кьыжраIащ мы Iэнатlэм и кьызэгъэпэщыкIэр икIи лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр нрагъэпэгъуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Блэм и шэрэзыр тришэщIакIэщ. Еуэну пIэрэ?

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Псори кьабжащ - кьарууи ахъшэуи текIуэдэнур. Арщхьэкiэ кьулейсызыгъэу кьишэнур, щыхьу лажьэнэщэу зэкIуэдэнур зыхуэдизыр жаIэн кьащыгъупщащ.

Дэ махуэ кьэс зэхьдох си щIыналъэхэм США-м и дзэхэр щыIэ Афганистанымрэ Ираким рэ американхэр зэрыщыхэкIуадэм теухуа хьыбархэр. Хэбгъэзыхьмэ, Вашингтон Афганистаным кьришыжыфыркъым и кьаруэр. Пэжщ, США-м зигъэхьэзыр хуэдэкъым и зауэлIхэр Щам и щIыналъэм игъэкIуэну: псори ракетэхэмкIэ зэфIигъэкIыну и мурадщ. Ауэ сыт хуэдэу кьыщIимыдзами, Штатхэр теклIунукъым. Уеблэмэ, щынагъуэ ин щIэщмафIэсышхуэ кьэлыдынкIэ. Ираным нахуэу жеIэ Сирием зэрыщIэкIуэнур (кьэралитIми нэхъыбэу щызэкIуэр муслъымэн диным и шиит кьудамэрщ). ЛъэныкъуэкIэ щысынукъым «Хезболлах» («Аллахым и партI») терроризм зэгухьэныгъэ цIэрыIуэри. ЩIыдгъужыщ а кьудамэм кьызэщIибыдэхэм щыщ куэд алавиту зэрыщытри. Ахэри цIэрыIуэщ лей зымыгъэгъуу, езыхэр зэкIуадзами, лагъым кьагъауэуэрэ зиIэ зыщIэжу. КIэщIу жыпIэмэ, зыми фIы хихьыныкъым.

Мыбдеж я гугъу щытщIын хуейщ США-м и Конгрессым Iэ Iэтыгъуэр фокIадэм и 11-м щыIащ LAIMBURG мэкъумэш щIэныгъэ-кьэхуаткIуэ центрым. ХьэщIэхэм мыбы кьыщагъэлъэгъуэгъэ жыгхэр хэсэным, гъэкIыным, пхъэщхьэмыщхьэр кьехьэлIэжьыным пыщIа лэжьыгъэ псори.

Центрым еджапIэ зэмылIэужьыкIэ кьэхуэгъэ хэтщ. Абыхэм щIэс студентхэм щIэуэ зрагъэщIакъэр лэжьыгъэ Iэнатlэм кьыщагъэсэбэпныкIэ Iэмал psori яIэщ. Центрым и лэжьакIуэхэм зэрыкIаIамкIэ, абыхэм ирагъэкIуэкI кьэхутэныгъэхэр нэхъыбэу кьэзыгъэсэбэпыщ щым телэжьыхь кьуажьдэсхэрщ.

Иужьрей илъэсхэм КъБР-м и Iэтащхьэм делегацэм хэтхэмрэ щагъэс икIи электрокъарурмэ хуабэмрэ кьыщIалэжь заводым. Ар Европэм щынэхъыфI дыдэу кьалытэ икIи бадзэуэгъуэ мазэм лажьэу жутIыпщауэ аращ. Кьанокъуэ Арсен зэпкърыхауэ кьыжраIащ мы Iэнатlэм и кьызэгъэпэщыкIэр икIи лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр нрагъэпэгъуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Фокiадэм и 30-м траухуэ

Лэскэн районым хьыхь Уэзрэдж кьуажэм екIуалIэ «Кавказ-М29» федеральнэ автомобиль гъэзугум и кьыхэзыкIыпIэр зэрратынум хуагъэхьэзыр. Ар километрим 8,6-рэ мэхъу. Илъэс 30-м щIигъукIэ абы лэжьыгъэ гуэрри щекIуэкIатэхэщ. А зэманым кьрмыбыдау асфальт лъэгуэр зэIыхьаат, псы щIэжыпIэхэм я пIалъэр икIат. Уэзрэджэсхэм республикэм и Iэтащхьэм зыхуагъэзэ нэ-ужь, мы гъэм зэфIагъэкIыну лэжьыгъэхэм я программэм а гъэзугу Iыхьэр хагъэхьауэ щытащ.

КъБР-м транспортымкIэ, связымрэ гъэзугу хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Харченкэ Юрий зэрыжиIамкIэ, ар зэгъэпэщыжыным республикэм и гъэзугу фондым щыщу сом мелуан 25,15-рэ хухахащ. Лэжьыгъэр «Аруан ДРСУ» ООО-м ирегъэкIуэкI. Асфальтыр телъхьэн яхуэхъу, гъэзугу дамыгъэхэр ягъэув, зэхэкIыпIэхэр, зэблэкIыпIэхэр кьыхагъэщхьэхуэ. Министерствэм и IэщагъэлIхэр, районым рэ кьуэжэмрэ я администрацэхэм я унафэщIхэр, проект организацэм и лыкIуэхэр зыхэт комиссэ хэхам лажьыгъэр кьэнпщытэнущ. Гулыытэ щхьэхуэ хуащIынущ и фIагъыр зыхуэдэмрэ проект-сметэ тхьилъхэм зэрезэгъыпмрэ. Гъэзугу фокIадэ маззм и 30-м ятыну я мурадщ.

Автомобиль гъэзугъэмэ лъэмыжжэмрэ республикэм и адрей щIыпIэхэмэ щызэрагъэпэщыжь.

ШУРДЫМ Оксанэ.

ЩIалэгъуалэр яущий

Къэбэрдей-Балъкъэрым и студентхэм драгъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэри.

«Ди дунейр терроры нэщэу» зифIащ лекцэм еда Iуащ щIалэгъуалэмрэ егъэджкIуэхэмрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ хэкумрэ лъэпкъымрэ хуиIэн хуей лъагъуныгъэм, щIэпхъаджащIэхэм зэрызащыхъумапхъэм, абыхэм уи гъащIэр зэхебгъатхъуэ зэрымыхъунум. Я Iуэху епльыкIэхэмкIэ щызэдэгуашэм, нэхъыбэу зытрагъэщIар Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхуэгъэ мамыру, зэгурыIуэу щызэдапсэуным пыщIахэрщ, абы папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэрщ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министерствэу КъБР-м щыIэм экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и IэнатIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ зэIущIэр щрагъэкIуэкIым.

Ди газетым зэрытетащи, Тыркумрэ Иорданиемрэ щыщ политик ныбжьыщIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэмрэ студентхэмрэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд «Синдика» хьэщIэщым щаIуащ.

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэу, Къуэдзокъуэм республикэм и щыIэкIэ-псэукIэм хьэщIэхэр хигъэзгъэзащ, гупыр кьызэрыгъуеблэгъащ зэрригуапэри кьыхигъэщащ.

- Лэжьыгъэ зэфIэвгъэныным фIыхуэпабгъэу ди щIыналъэм фIыкьызэрыкIуам щэч кьытесхьэркъым. Си фIэщ мэхьу КъБэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ фэрэ дыз эрызэгурыIуэнури, тэмэму Iуэху зэрызэдэтщIэфынури, - жиIащ Къуэдзокъуэм. - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыху мин 900-м тIэкIу щигъун щопсэу. ЗэрыфщIэщи, Европэм щынэхъ льагъэ дыдэ Iуащхьэмахуэ бгыри мы щыпIэрщ здэщыIэр. Республикэм лъэпкъыу 100-м щигъу исщ, абыхэм я нэхъыбэр адыгэщ (процент 55-р). ЩIыналъэм фIыуэ зыщащжьащ мэкъумэшым, промышленностым и Iэнатlэ щхьэхуэхэм. Ди республикэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъми и бзэ, и хабзэ ихъумэжын папщIэ, щэнхабзэ центрхэр мэлажьэ. Апхуэдэуи лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр езыгъэфIэкIуэ кьэрал программэ диIэщ, гулыытэ хэха яхуэдощ хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. Иужьрейм, дауи, нэхъ кIэлъыплъыр, дэIэпыкъуэгъущхуэ хьэр Дуней псо Адыгэ Хасэщ, абы и Iуэхущапlэр Щам щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. Иужьрейм, дауи, нэхъ кIэлъыплъыр, дэIэпыкъуэгъущхуэ хьэр Дуней псо Адыгэ Хасэщ, абы и Iуэхущапlэр Щам щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм. Ди республикэм щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъым и бзэ, и хабзэ ихъумэжын папщIэ, щэнхабзэ центрхэр мэлажьэ. Апхуэдэуи лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр езыгъэфIэкIуэ кьэрал программэ диIэщ, гулыытэ хэха яхуэдощ хамэ кьэрал

● Адыгэ лъагъуэжьхэр

Шахэ

Псысэм кьыхэкIа мэзыпс

ШахэкIеишхуэ дыхуокIуэ

Кавказым и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэм щыIэ адыгэ лъагъуэжьхэм ирикIуэн фIыуэ зылъагъухэм ди гъуэгуанэм пыдощэ

АДЫГЭ Республикэм и кьалащхьэ Мейкьуапэ дыкьыщежьэри, Шхьэгущэ псыхъуащхьэ иужьрейуэ кьыдэс Гъуаэзэрыплъ жылэ цыкIум дынэсащ. Дигу зэритлъхьам хуэдэу дыззэхэзекIуэнумэ, лъэс лъагъуэ защIэкIэ бгым дыщхьэдэхыу, хы фIыцIэ Iуфэм хуэдунэтIын хуэит. Гъуэгуанэ кьыхэтхам икуэхэм хуэззу фIыщт Iуащхьэжьым дрихьэлIащ. Абы и сэмэгу бгъуэщIымкIэ екIуэкI лъагъуэм дышъхьэщхьэ, хы фIыцIэ Iуфэм хуэдунэтIын хуэит. Гъуэгуанэ кьыхэтхам икуэхэм хуэззу фIыщт Iуащхьэжьым дрихьэлIащ. Абы и сэмэгу бгъуэщIымкIэ екIуэкI лъагъуэм дышъхьэщхьэ, щыIэ бгы нэкIум лъэхьу-лъэущу зы сыхьэт хуэздизкIэ деущэхауэ, Соча кьыкI щакIуэхэр кьурушым кьыдэзыша щалэхэм дахуэзащ. Гъуэгур кьыщагъэпсынщIэн мурад яIэу, ахэр бгым зэрехьж машинэм «дагъэкIэщ».

Щыщъхьэри псыщхьэри зи зэхуэдэ, кьыкIуэт зымыщIэ ди гъущIыгур, нэгъуэщI кIуапIэ щимыгъуэтыжхэм и деж, дызыбгъурыт Беикьуэ псы щыкIум хэльэдэн хуей хьурт. АпщIондэхукIи псым зыхэзыудыныщIэ кьазым ещхьди «кхьуафэжьейм» кьабзий ткIуэткIуэу кьыкIэщIэбыбыкI ткIуэпсыбэр, дыгъэм пэджэгужрэ дыпхьмыплыфу ди хьуреягьыр щызэщIигъэпщIыпщIэрт, лъагэу заIэтырти, «ещанэ гуфIэгъуэр» зэрыдагъэхьэу, дызэрыс машинэр яуфэнщIырт.

Дызэжэх псыхъуэр Урыс-Кавказ зауэр имыух щыкIэ аптIэхъуэхэр (убыххэр) зэрысу щыта щымналъэм и ищхъэрэ-кIуэхьэпIэ гъунапкъэмкIэ щыIэщ. Кавказ щытхшхуэм къыщыщIэдзауэ, кьурушипс щыкIу Iэджи зэщIэзыкъуэж Шахэ и псыхъуащхьэхэм дэсу щытар аптIэхъуэхэм я закьуэщ. АдэкIэ тIуащIэ бгъуфIэщхуэм тIуг зыщрищIыкIым кьыщыщIэдзауэ хы псыIум нэсыху шапсыгъ жылагъуэхэр псыхъуэм и ижьырабгъу лъэныкъуэм кьыщыт.

АптIэхъуэхэм я бзэм кьыстехьукIыжа цIэхэр зезыхьэ, бгынэжаифэ зэтплъа кьуажэ цIыкIу зыбжанэм даблэжри, асфальт зытелъ гъуэгу бгъуэзэ нашэкьашэм дытекIыащ. Кьуэдзым дыкIэсащ зэпэчъунэгъуу щыт Хъырцыз Езанэ, ЕтIуанэ жылэхэм. АдэкIэ «дызыгъэкIэса» щалэхэм Дыгъэмыскк Iэт здаунэтIынури, «гъущIыгур» гублащхьэдэсым кьедгъэгъэуВыщащ. Дыкьыззэрыраш хэм щхьэкIэ ахьшэ тIахьш зымыда щалэхэм иджыри зэ фIыщIэ яхуэтщIыжри, ахэр я гъуэгу техьэжащ, дэрэ Шахэ и тIуащIэм хуиту дыдэзэыгъапльэ бжьэпэм дыкьытенащ.

Машинэм дису хы псыIум нэс тыншу зыщIредмыгъэшэхар кьызыгурымыIуэща ныбжьыщIитIым зэрызагъэгусэм гу лъытэри, Хьэбасрэ дэрэ гъынэгъуу щыт тыкуэным дыщIыхьащ. Щалэ цыкIухэм дэнэ къэна, нэхъыжьитIми щIэщыгъуэ тщыхьуащ абы кьыщытщэхуэ IэфIыкIэхэмрэ морожнэмрэ. Сыту жыпIэмэ, кьурушым и адрыщIым кьыщына Гъуаэзэрыпль жылэ цыкIум дэт ерысыщы щапIэхэм кьыщынэмыща, бгыхэм дызэрыщызэхэзекIуэ жэщитхумахитхум и кIуэцIкIэ зыгуэр кьыщыпщэху хьун зы тыкуэни дыхуэзатэкъым.

Шхын щIэщыгъуэмкIэ тIэкIу дызэIурыури, гуп цыкIур Шахэ псыхъуэ дыдыхьащ. Махуэр уэфIг икIи дыгъафIэт. Псыр зыдэт кIеIм мыбдежым зыщеубгъу, тепхъэ дахэ куэд зэрилэри хуэгъэпщкIурыкIым. Мэзыр гъунэгъуб зэзыхьэ, бгынэжаифэ зэтплъа кьуажэ цIыкIу зыбжанэм даблэжри, асфальт зытелъ гъуэгу бгъуэзэ нашэкьашэм дытекIыащ. Куэд дыдэхьэ дыкIэсащ зэпэчъунэгъуу щыт Хъырцыз Езанэ, ЕтIуанэ жылэхэм. АдэкIэ «дызыгъэкIэса» щалэхэм Дыгъэмыскк Iэт здаунэтIынури, «гъущIыгур» гублащхьэдэсым кьедгъэгъэуВыщащ. Дыкьыззэрыраш хэм щхьэкIэ ахьшэ тIахьш зымыда щалэхэм иджыри зэ фIыщIэ яхуэтщIыжри, ахэр я гъуэгу техьэжащ, дэрэ жамги ярейт. Абыхэм я мызакъуэу, дэри псэгъэтынщыгъуэ гуэрым дызэщIыщтати, гукъыдэж зиIэ бзу цыкIум сабэ пщтырым зэрызыхикухьым ещхьу, дыгъафIэ псыхъуэм зыдэзыпхъа пшахъуэ-мывальэм зызэпыдгъазэу дыхэльт. Дыгъэм дыкьифгъэпльмэ - псыр ди кIуапIэу, дыпIыщIэмэ - щым дыкьытеукIурнежу.

Кьыптэщыль гъуэгум хэдгъэщIмэ зэрынэхьыфIыр кьыдгурыIуэжри, зыкъэтIэтыжащ. Льэр зэрыщIэкIым дыщыгуфIыкIыу, зэран дызэхэзымыхьу, льапэрт бгъуфIым хуиту зедукъуэдиехащ. Тенджыз Iуфэм хуэпIащIэ псым и чэнжьпIэхэм льагъуэм дыхишэрти, адрыщIымкIэ дыкьыщыхишыжырт. Дызэыхьхьэ псыри, кьыздэхащIэ фIэкIа умыщIэну хуабэт, упхьпльфуи кьабзэт. Апхуэдэ зекIуэкIэм пкъыри псэри дихьэхынтэкъэ?!

Километр зыбжанэкIэ лъэхьу-лъэущу дызэреугщхауэ, нэгъуаэзэм кьызэщIиуфыдэ Iэгъуэблагъэм дэ щIалилплым фIэкIа нэгъуэщI зы цыхуи зэридмылъагъуэм зы льэныкъуэкIэ дыщыгуфIыкIыу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, кьуакIэбгыкIэхэм апхуэдизэ Iув зэман щызыгъэкIуэ щалэхэр куэд дэмыкIыу цыхуэ Iув дакьыхэхутэнут. ИкIи абы ипэ кьихуэу, зыри кьыщытлъэмыIэс псыхъуэ убэрабзэм зы махуэ нэхъ мыхьуми дызэрыдэжьжар дэркIэ тхъэгъуэт.

Нэр теплъэзэу мыпхуэдизу тепхъэ дахэ куэд зиIэ псыхъуэ абы апэкIэ срихьэлIауэ си щхьэкIэ кьыскхуэгубгыгъыжьыртэкъым. Мэзыр гъунэгъубзэу псыхъуэм кьыщхьэщыхьэртти, быныр анэм и кIэдахьэуэ зэрыщIигъапщкIуэм хуэдэу, езым кьыстепщыкIауэ абы дэт чыцэ гуэрэнхэм защхьэщиукъуэдиерт.

ПТуащIэр языныкъуэхэм и деж ибгъуэмкIэ щызэгуэзырти, мэз зэкIэщIэкIуэтым псы бгъунж цыкIуэхэр «гуфIэжу» кьыдэжырт. Абыхэм ящыщ зыр адрейхэм нэхърэ зэрынэхъ иным гу лъыстащ. Гупым апэ сафIищауэ сызэджкIуэм, пситI щызэхэпьдзэм сыкъыщыкIыIащ. Гъуэгугъэльагъуэ картэм сроГъуаэзри, Шахэ хэхуэж псыр зэрыкIыщмейм щыхьэт сытохьуэ.

- Мы кьуэладжэм кьыдэж псым зэреджэр пщIэрэ уэ, Хьэбас? - сегуоуащ, ныбжьыщIэхэм закьыщхьэщичауэ си аужь иту кьакIуэ си ныбжьэгъум.

- КъыджепIэмэ, зэдгъэщIэнкъэ? - кьызитыжащ абы жэуап, кIуэрыкIуэм тету зэгуэсха картэр кьыщилъагъум.

- АтIэ, КIыщмейщ, - кьыпзощэ сэри. - Аракъэ дызыхуэкIуэ кьуажэм урысыбзэкIэ зэреджэр?

Дэ зекIуэ дыкьемыжьэ ипэ дытепсэльыхьат дыкьыщыщидзыну щIыпIэхэм Шахэкеишхуэ (Большой Кичмай), кьыкIэлыкIуэу Ахьинтам, итIанэ хы псыIум Iус Шахэпэ (Головинкэ) шапсыгъ кьуажэхэм дарихьэлIэн зэрыхуеIм. И ужьрейат си щхьэгъусэм и дэльху нэхъыжь Тхьэрыкъуахъуэ Руслани зыдэсщи.

Жэщ-махуитхум и кIуэцIкIэ кьурушым дыщитам, ди жып телефонхэр Iутчын хуей хьуат, ахэр Iуащхьэжь зэхуакуэхэм кьыщыпхуэгъэсэбэпынутэкъыми. Ауэ иджы, цыпсэу щыпIэхэм гъынэгъу дыкьыззэрыхуэхьужу, зи гугъу тщIы Iэмэпсымэхэр «къэпсэжатI», дызыхуейIхэм запытщIэ кIуэтым псы бгъунж цыкIуэхэр «гуфIэжу» кьыдэжырт. Дауи, псом япэ зыпытщIэну тфIэигъуэхэм ящыщт мы дыкьыщыщIидза псыхъуэм бысым щытхуэхьункIэ дызыщыгуГъ Тхьэрыкъуахъуэ Руслан.

Ауэ... махуэр и кIэм нэблэгьат. Дыгъэри кьухьэжьну пIащIэрт. Дэри, апхуэдэу гуваУэ бысымым дахьхьэ нэхърэ, иджыри зы жэщ щыIуэпсым дыхэсхьжмэ нэхъыфIу къэтлытэри, а пщыхьэщхьэм щыкъу щIалэр дымыгъэпIейтеину мурад тщIащ.

Абы кьыхэкIкIэ, пшапэр зэхэмыуэ щыкIэ жьитIэри, жэщхэс щытщIын «мэчанэ» щхьэкIэ зытплъыхьу и сэмэгу дыхэсхьжмэ нэхъыфIу къэтлытэри, а пщыхьэщхьэм щыкъу щIалэр дымыгъэпIейтеину мурад тщIащ.

Ауэ... махуэр и кIэм нэблэгьат. Дыгъэри кьухьэжьну пIащIэрт. Дэри, апхуэдэу гуваУэ бысымым дахьхьэ нэхърэ, иджыри зы жэщ щыIуэпсым дыхэсхьжмэ нэхъыфIу къэтлытэри, а пщыхьэщхьэм щыкъу щIалэр дымыгъэпIейтеину мурад тщIащ.

Абы кьыхэкIкIэ, пшапэр зэхэмыуэ щыкIэ жьитIэри, жэщхэс щытщIын «мэчанэ» щхьэкIэ зытплъыхьу и сэмэгу дыхэсхьжмэ нэблэгъэпа дыгъэри, игу дыпымыкIыу кьызэтеувыIа нэхьеи, и ижьырей бзий гуапэхэмкIэ «дэхэщIэжьыр». Абы хэту тIуащIэ дызыдэтым и сэмэгу льэныкъуэмкIэ, дэ тхуагъэхьэзыра фIэкIа умыщIэну, уэнщэкум хуэдэу удзыпщIэ Iувым щиГъэнарэ чыцэ гуэрэнхэмкIэ кьэухъуреихьажауэ, псыIум щхьэщыIэтыкIа льагапIэ тIэкIу кьэтлъэгъуащ.

- Сыт и лажьэ мыбдежым ныжэбэ дыщэзэхэсынкIэ? - жытIэри, Хьэбасрэ сэрэ дызэгурыIуащ, ди гъуэ щIалэщIэхэми ар кьыздаIыгъащ.

Сыхьэт зыбжанэ хъуауэ льэсу дыкьыздэхам, зыдгъэпскIарэт жытIэу псым ди нэ кьыхуикIати, хьэпшыпхэр зэредгъэтIылъэхьу, дытемпыIэжу, дыкьыздыщыхута бжьэпэ цIыкIум зедгъэщэтэхри, псорэ псым дыкьыхэхутащ. ТепхъэмкIэ дыкьыпекIуэкIым, кууплэм зыхэддзэ-дерсыхыурэ псым дрикъуэу дыхэса иужькIэ, тафэм дыкьытехьэкащ. Иджы жэщ хэсным зыхуэтщIми хъунути, щхьэж илэжь хабзэ Iуэхухэм яужь дихьэжащ: хэт пхъэ кьехьри мафIэ ещI, хэти хьэпшыпхэр и пIэ и регъэзагъэ. НэхъыжьитIыр допщафIэ.

Адыгеим и кьалащхьэ Мейкьуапэ дыкьызэрыдэкIрэ а зы щыхьэщхьэм фIэкIа чэтэн пщыIэхэр дымыкуэуэу кьэдгъэнакъым. Ар икIи гурыIуэгъуэш: Кавказ зыщтхшхуэм и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ жэщыр щынэхь щыIэтыIэщ. Ауэ хы псыIумкIэ гъэза мэз кIуэцIхэм, апхуэдэуи абыкIэ ежэх псыхэм хуабэр хэпщIыкIыу нэхъ щаIыгъщ. Абы кьыхэкIкIэ, дызэрыпщхьэ «дзыуэхэр» (кьэпхэр) удзыпщIэ Iувым ауэ сытми хэдубгъуэри, абыкIэ зэфIэдгъэкIащ - ди «унэхэр» арати хьэзырыххэт.

Ауэ мы щыкьэщхьэми, дэ сытым щыгъуи хуэдэу, тIэкIу дышымысыжауэ дыгъуэлъыжакъым. Пшапэр зэхэуами, ди нэхэр зэтепщIэху мафIэм дыбгъэдэсыжри, ди ныбэ изрэ дызыхуэарэзыжу, пщэдейрей махуэм фIыкIэ дыщыгуГъыу дызэбгрыхьунт. Дауи, псом япэ зыпытщIэну тфIэигъуэхэм ящыщт мы дыкьыщыщIидза псыхъуэм бысым щытхуэхьункIэ дызыщыгуГъ Тхьэрыкъуахъуэ Руслан.

Апхуэдэ щыкIэм тету зы сыхьэт дыпэщэщауэ, «хъункъэ иджы» щыжытIэм, иджыри кьызэдэсым зыкъамыгъэхьеяуэ, пщэдджыжь жей Iофыр «тхъэжу» езыхьэкI ныбжьыщIитIым дегуоуащ:

- Ей, щалэфIхэ! Фытэджи зыфтхьэщI! Шхынри хьэзырщ, махуэщIэри кьыкпоплъэ! - жытIэри.

Ди пщэдджыжьышхэр щызыдэсIэмкIэ, Шахэкеишхуэ дэс Тхьэрыкъуахъуэ Руслан зекIуэ гупыр гъынэгъу дыкьыззэрыхуэхьуамкIэ хьыбар езгъэщIащ.

Iэхур зыIутыр кьыщыгурыIуэ, къытпежьэн мурад иIэу, асыхьэтым и машинэмкIэ гъэзгу кьыззэрытехьэр кьыджIащ. Телефоным кьИукI макъ жьгъырум зызыгъэщIащ щыкъу щIалэр кьызэрыдэжьари, бгым дыкьыщхьэдэхьу, и «хэщIапIэм» гъынэгъу дыкьыззэрыхуэхьуам зэрыщыгуфIыкIрт.

Тхыгъэри сурэтхэри **КЪУМАХУЭ** Аслъэн *ещIащ.*

Лагъуэнакъэ бгыщхьэм и тафэм тетщ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Къумахуэ Аслъэн.

Къуэбыдэ

Убых щIыналъэ

Хы фIыцIэ Iуфэм

Гамзатов Расул и дерсхэр

90

УсакIуэ гъуэзэджэ, цIыху гуащIафIэ Гамзатов Гамзат и къуэ Расул къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур Кавказым, Урысейм я мызакъуэу дуней псом щагъэлъэпIащ фокIадэм и ящэ махуэхэм. Псом хуэмыдэжу абы и цIэр, и фэеплъыр щаIэтащ Гамзатовыр къыщалъхуа Дагъыстэн Республикэм. Сэ иджыблагъэ Мэхъэчкъалэ сыщыкуэдащ авар литературэр цIэрыIуэ зыщIам фIыуэ ильагъуу щыта и гъэсэн, Дагъыстэным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Урысейм и усакIуэ льэщхэм ящыщ зы Ахмедов Ахьмэд икIи упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэзгъэзащ.

Гамзатов Расул

- Фи кьуэ пажэ, гупсысакIуэпшхуэ, егъэджакIуэ, зи тхыгъэхэр, шэч хэмылъу, цIыхубэм я хъугъуэфIыгъуэ Расул къыщалъхуа махуэр нэхъапэм зэрагъэлъэпIам мыгъэрейр сыткIэ къыщхьащыкIрэ?

- Гамзатов Расул и илъэсу 2013 гъэр ди республикэм щагъэуващ. Дагъыстэным и Iэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзан къыхилъхьэри, Гамзатов Расул и ныбжьэгъуэхэм я дунейпсо зэхьыхьэ егъэжIуэкIащ, и фэеплъ махуэу «Кьыу хужьхэр» зыфIащам и гъуэсэу. Абы етщIыпIэну Iуэхухэр нэхъыбащ, нэхъ купщIафIэу, урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ яIэу щытащ. Къыщалъхуа махуэм Гамзатовым и цIэр зезыхьэну Усыгъэм и театр къызэIуахащ.

- Ди театрхэм я лэжьыгъэм сыт абы щIэуэ къыхилъхьэнур?

- Артистхэм я лэжьыгъэр мыхьэнэшхуэ зиIэ псалъэм тегъэпIауэ щытынущ. Усэ спектакльхэр гъэхъэзырыным къыхэтщэнущ ди республикэм и тхакIуэ нэхъыфIхэр.

- Хэт а театрым и унафэщIыр?

- Творческэ лъэныкъуэр зыхуагъэфэщар зэкIэ сэращ. Театрыр кьуажэхэм, районхэм тIэну ди хьуэпсапIэщ, быдэу лъэкIэ дыувмэ, гъунэгъу республикэхэм, къыдэхъулIэмэ, хамэ къэралхэми дыкIуэну сыхуейщ.

- ИщхьэкIэ зи гугъу пщIа зэхьыхьэм хэт сымэ зэхуишэсар?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди хэкуэгъу цIэрыIуэм и ныбжьэгъу пэжу щытахэу Кулиев Кьайсин, Карим Мустай, КIыщокъуэ Алим, Кугультинов Давид сымэ хуэдэ лIы цIэрыIуэхэр псэужьхьэм. Ауэ ахэр къуэшым хуэдэу зэрыщэрыльэгъуар, зыр зым игъэпэжу дунейм зэрытетар щIалэгъуалэм щапхъэ зытрах хъун Iуэхущ. Республикэ зэхуэмыдэхэм ящыщу Гамзатовыр зыцIыхьуу щытахэм я закъуэкъым дэ зэIущIэм къедгъэблэгъар, атIэ абы и гуащIэм, и лэжьыгъэм дихьэхэхэри къэкIуащ. Апхуэдэу тхакIуэхэр къикIащ Тырку, Алжир, Щам, Мысыр, Германие, Белоруссие, Украинэ, Къэзахстан, Узбекистан, Таджикистан, Азербайджан, нэгъуэщI къэралхэми.

Зэхьыхьэр щекIуэкIар къызэIуахагъащIэ, Дагъыстэным и Конституцэм и махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIа «Зэныбжьэгъугъэм и унэрц». «Си Дагъыстэн» усыгъэ спектакль-концерт ин ягъэхьэзыращ, усакIуэм и гъащIэм теухуауэ «Бгыхэм я уэрэд» художественно-публицистикэ фильмыр трахащ. Абдулатиповыр зи унафэщI а проектым елэжьар режиссёр гъуэзэджэ Ибрагимбеков Рустамщ.

Хунзах, Гуниб, Дербент щекIуэкIыу щыта «Кьыу хужьхэр» мы гъэм Дагъыстэным и кьалэм псомиращIащ. ЩIышылэ мазэм щыщIэдзауэ ди республикэм и щIыналъэхэм щекIуэкIащ псалъэр Iэзэу зыгъэIурыщIэ Гамзатовым и фэеплъ пшыхь куэд. Ди зэгуэхьэныгъэм и закъуэ апхуэдэу блыщIым щIиту кьызэритъэпэщащ.

- Сыт Расул и дерсхэм къуатыр?

- Дунейпсо литературэм Гамзатовыр зэрыхьхьар, псом япэрауэ, лъагъуныгъэм, Iущыгъэм, лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэм я уэрэдусущ. Дагъыстэныр лъагэу зыIэта цIыхухэм и гъащIэ-гъащIэ еплъыкIэр зыхэтщIыкIыныращ нэхъыщхьэр, езы усакIуэр зытет хабзэ нэхъыщхьэу «Мой Дагестан», «Конституция горцев» тхылъхэм лъабжьэ яхуищIэ и купщIэмрэ махьэнэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэм къагурыIуэн папщIэ.

- Гамзатовым и дерс нэхъыщхьэ дыдэр сыт хуэдэ?

- Лъэпкъ цIыкIурэ бзэ цIыкIурэ зэрыщымыIэр и гуащIэмкIэ, и гъащIэмкIэ хьэкъ зэрытщищIар арауэ къысщохьу. Щамил и ужькIэ Гамзатовыращ Дагъыстэныр дуней псом къышцезыгъащIыхуар.

Ди щхьэр лъагэу дагъэпсыжакъым, щхьэрадым и илъэс мин тхыдэм къриубыдэу иджы япэу лъэпкъ усакIуэм - Гамзатов Расул - фэепль Москва зэпыщхьуагъэувам. Къалащхьэмэ нэгъуэщI щIыпIэхэми щыпсэу дагъыстэн щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ, Кавказым щыщ щIалэгъуалэм а пщIэр кьалъытэну, абы хуэфащэу кьащIэкIыну я кьалэнущ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ феплъыр Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къызэрызэIуихам. А пщIэр зейр авар усакIуэм и закъуэкъым, атIэ лъэпкъ республикэхэмрэ Урысейм зэрыщыпсалъэ бзэхэмрэ яхуэзгъэзащ.

- Дауэ уеплърэ: усакIуэм и Iэдакъэщ Iэкъэр республикэм, къэралым я щытыкIэм зыгуэркIэ хуэщIэхэпэну?

- Ди гащIэри ди псэукIэри зэльытар цIыхураущ щыщыткIэ, абы и Iуэху бгъэдыхьэкIэм куэд иБыгъщ. Псэм и къулеигъэм, хэку лъагъуныгъэм нэхърэ мылъкур нэхъ щагъэнэхъапэ зэманщ дыщыпсэури, сыхуейт зэныбжьэгъугъэр, анэр, сабийхэр, Дагъыстэныр зи тхыгъэхэм щызыгъэфIэ Расул и IэдакъэщIэкIэм щIэблэр еджэну. Ахэр хъуэныр и уэсэгтщ усакIуэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм пщIэ хуэщIыныр егъэнэхъапэри.

- Ди псалъэмакъым и кIэухыу щIэдзыкIакIуэхэм сыт яжепIэну ухуейт?

- ИлъэсищI нэхъу Гамзатовыр дунейм зэрехьжрэ, ауэ Дагъыстэным ар зымащIэхи щыгъупщэхьам. Иджырей юбилейм ирихьэлIэу ар къыщалъхуа Цадэ жылэм къыщызэIуахащ мемориальнэ музей. Мэхъэчкъалэ и уэрам нэхъыщхьэм абы и цIэр зэрехьэ.

Кулиев Кьайсин жиIэтащ: «Лъэпкъыр гугъу щехьым и деж зэрызихъумэжыр цIыхухъуэхэмкIэщ». Я лъэпкъхэм я къыщхьащIжаIуэу щытащ Гамзатоври Кулиеви. Абдулатипов Рэмэзан къызэрыхигъэщащи, лъэпкъ щэнхабзэр къыумыгъэщIэрэщIэжауэ уи псэм зиужьынкIэ Iэмал иIэкъым. «ЦIыхухэр къызыхэкIам хуеплъэкIыжьин хуейщ. Кумбыгъэм ит псым ефэу есам псынэпсым и Iэфlыр къыгурыIуэркъым. Ди щэнхабзэр дэркIэ псынэпсщэ», - жиIащ абы. Гамзатов Расул къурушпсым и зы ткIуэпсым хы псо хэзыльэгъуа, къужажэм дэт унэм и щхьэгъубжэр зэIуихыу абыкIэ дуней псор зэзыгъэльэгъуфа усакIуэт.

Епсэльэр **БЕППАЕВ МутIалибщ.**

● Щапхъэ

Дызэрыгушхуэ бэнакIуэ ныбжьыщIэхэр

Налшык къалэ дэт Сабий стадионым щекIуэкIа пресс-конференцым кърагъблагъат Болгариим альдж-урым бэнэкIемкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым дыщэ медаль къыщызыхьа Къуздокъуэ Сосрыкъуэ, дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыныжмкIэ кадетхэм я зэхьэзэхэм дыщ, жэз медалхэр щызыIэрызыгъэхьа Фанзий Сослъанбэчэр Адыгэнэ Къаирбэчэр.

КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэнэр республикэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и унафэщI Адыгэунэ Аскэрэр ди бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм я екъулIэныгъэхэм гульытэ хуащIащ, альдж-урым бэнэкIэм теухуауэ щыIэ гугъуехьхэм кьытеувыIащ. Спортсменхэм жаIащ я зыгъэпсэхуГъуэр зэрагъакIуэр, къапэщыт зэхьэзэхуэхэм я къарур зэрыхуэзыщIагъэуIуэр.

Къуэдзокъуэ Сосрыкъуэ балигъ спортсмен гупым яхьыкащ икIи къэралым и команд нэхъыщхьэм хэту зигъэхъу прагъблагъащ. Фанзий Сослъанбэчэр (ди лъахъгъур зэхьэзэхуэхэм хэтщ Азербайджаным и цIэкIэ) Адыгэунэ Къаирбэчэр фокIадэм и кIэм Будапешт щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм кIуэнущ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Альдж-урым бэнэкIэ

Спортсмени 100-м щIигъу

Тырныауэ кьалэм дэт «Геолог» физкультурэ-узынщагъэр щагъэфIакIуэ спорт Iуэхущ Iапэм фокIадэм и 13 - 15-хэм щекIуэкIыну альдж-урым бэнэкIэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ, СССР-м спортымкIэ и мастерхэу Байзуллаев Юсуфрэ Мирзоев Хьызырэ я фэеплъ кьыззэрагъэпэщыр.

ЗЭПЕУЭМ хэтынущ ильэс 18 ныбжьым щыщIэдзауэ спортым и мастерым и кандидатым мыкIэ лъахъшэу Ростов, Ставрополь, Краснодар кьалэхэм, Къбэрдей-Балькъэрым, Ингушым, Шэшэным, Осетие Ищхьэрэ-Аланием, Дагъыстэным я спортсмени 100-м щIигъу. Зэхьэзэхуэнухэр я хьэльагъ елытауэ, гупи 8-уэ гуэшауэ щытынущи, абыхэм ящыщу 7-р олимпиадэм кьитIасхэхэщ.

Iуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм и щыпIэ администрацэм и пресс-секретарь Тарим Алисэ щыгъуазэ дыззэрищIамкIэ, зэхьэзэхуэр фокIадэм и 14-м сыхьэт 15-м кьызэIуахынущ. Абы кьрихьэлIэнущ КъБР-м Спортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм я лыкIуэхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр, Iуащхьэмахуэ куейм и унафэщIхэр.

Урысейпсо зэпеуэм щыгъэтIысхьэм иратыну медалхэм кьадэкIуэу «Спортым и мастер» цIэхэри фащынущ. Iуащхьэмахуэ куейм физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI Жаппуев Магомед зэрыжиIамкIэ, зэхьэзэхуэр иджы епщыкIуГъуанэрэ ирагъэкIуэкI. Альдж-урым бэнэкIэмкIэ спортсмен цIэрыIуэхэм ящыщ куэдым я екъулIэныгъэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуащ «Геолог» спорт Iуэхущ Iапэм и утыкур. Абыхэм ящыщу ди лъахэгъу, зэпеуэр щекIуэкIыну Iуащхьэмахуэ куейм щыщ, Лондон щекIуэкIа Олимп джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа, Урысейм альдж-урым бэнэкIэмкIэ щыхь зиIэ и тренер Локьаев Юрий и гъэсэн Курамагомедов Заур.

ДЫГУЛЫБГЪУ Быщэ.

● Нарткъалэ итъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу

Iуащхьэмахуэ и щыгум нэс

АРУАН район автомобиль школым и унафэщI Гулэжьн Беслъэн зи пашэ, Урысей ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щы-Iэм хэт гуп, езым я жэрдэмкIэ Iуащхьэмахуэ дэкIащ. Ахэр Аруан военкоматым и лэжьакIуэ Шыбзыхъуэ Инал, Бахъсэн Ищэ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Джаппуев Асльэнбэч, тренер-инструктор, УФ-м альпинизм спортымкIэ и мастерым и кандидат, Гулэжьным и къуажэгъу къэхъунэс Шыбзыхъуэ Къазбэч, Шэшэн зауэм хэта БейцIыкIу Асльэн, Афган зауэм и ветеран Цоков Тимиран, гъуэгугъэлъагъуэ Колычев Артур сымэщ.

Я къалэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу «ФIыуэ тIыгагъу Нарткъалэ иIэси 100 ирокъу» зытетха плакатыр, Урысейм и Къалэ-ЛIыхъжьхэм, Дзэ щIыхьым и къалэхэм я ныпхэр абы щыхэтIэным теухуа Iуэхур къыхэзыльхьар Гулэжьн Беслъэнщ. Ар ящыщщ ипэжьыпэкIэ хэкупсэ цIыхуш зыхуажаIэхэм, къэкIуэнур зей щIэблэм я лъахэр, Хэкур фIыуэ яльагъуу, абы хуэпэжу къэтэджным хэлъхьэныгъэ хуэзыщI, еш имыщIэу и къалэныр зыгъэзащIэхэм. А псом и щыхьэтщ «Урысейм и хэкупсэ» медальр мы гъэм къызэрыхуагъэфэщар.

ЛЫщхьэуIум и 26-м и жэщым гъуэгу техьа гупыр, уэс зыщIэлъ жьышхуэ къепщэрэ метри 3-5 нэхъыбэкIэ имыгъапльэми, къикIуэтэкъым, ахэр метр 5642-рэ зи лъагагъ щыгум къыщыхутащ. Налшык - Дон Iус Ростов - Воронеж - Курск - Орел - Брянск - Смоленск - Минск - Брест къалэхэр зэпызыщIэу ирагъэкIуэкIа автомобиль зэдэжэм щыгъуэ зэхуахьэсат Урысейм и Къалэ-ЛIыхъжьхэм, Дзэ щIыхьым и къалэхэм, дзэхэкIупсэ клубхэм, Урысейм и ДОСААФ-м, «Боевое братство» зэгухьэныгъэм, хьэуа-десант дзэхэм, Афганым щыIэуахэм я ветеран зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм я ныпхэр - псори зэхэту 20. ЛЫщхьэуIум и 27-м сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 30-м Iуащхьэмахуэ и щыгум щыхатIащ а псори, «ФIыуэ тIыгагъу Нарткъалэ иIэси 100 ирокъу» баннерыр дэщIыгъуу.

Гупыр къащымыщIауэ къехьжащ. Iуащхьэмахуэ лъапэ и Азау тафэм деж ахэр гуапэу къыщрагъэблэзгъэжащ Iуащхьэмахуэ дэкIыным зыхуэгъэхьэныгъэ рынымрэ шынагъуэнщагъэр къызэпэщыныжмрэ зи нэIэ щIэта, Урысей ДОСААФ-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къудзэ запасым щыIэ полковник МащIыхъу Хьусен, Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэу КъБР-м щыIэм и унафэщI ТхьэгъэIэлэдж Тимуррэ къуалыкъу къыдэзыщIахэмрэ. Гупым ящIыгъуа тренер-инструктор Шыбзыхъуэ Къазбэч иджы 24-рэ Iуащхьэмахуэ дэкIащ. Ар ирихьэлIат къыщалъхуа махуэми, ильэс 41-рэ зэрыркъумкIэ абы псори екъуэхъуащ. «Си хьуэпсапIэщ Эверест сыдэкIыну, иджыри зэ ди республикэм и цIэр, и пщIэр зэгъэIун папщIэ. Iэмал имыIэу ар зэзгъэхъуалIэнущ», - жяриIащ щIалэм къызэхуэсахэм.

Ильэс куэд хъуауэ Аруан автошколым дэлажьэ Аруан район военкоматым и лэжьакIуэ Шыбзыхъуэ Инал егуэпащ. Урысей ДОСААФ-м и щIыналъэ къудамэу КъБР-м щыIэм къыбгъэдэкIыу абы ираташ «Урысей ДОСААФ-р ильэс 85-рэ ирокъу» медальр.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, советыдзэхэр Афганистаным къызэрыращыжрэ етIанэгъэ мазаем и 15-м ильэс 25-рэ ирикъунущ. Абы теухуа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр республикэм щрагъэкIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гъуэгу къежьапIэ

Акъылым зезыгъэужь щIалэгъуалэ зэпеуэ

«ЩIалэгъуалэм я Iуэху зэIумыбзхэмкIэ институт» щIыхьэ зэгухьэныгъэ. «Iуащхьэмахуэ фондымрэ» КъБР-м Хьыбарегъащ Iуэхущ Iапэ зэхьэзэхуэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ и щIэгъэкъуэну, «Щыхьэ зэгухьэныгъэхэм я инкубатор» проектым йолажь.

АБы и къызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ цIыхьэ зэгухьэныгъэхэм зрагъэужьыну, техникэ, мыльку, щIэныгъэ консультацIэ я лъэныкъуэкIэ щIэгъэкъуэн хъуну. Абы папщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм тренинг-семинархэр драгъэкIуэкI. Абыхэм ящыщу зы къыщыззрагъэпэщат Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «Приэльбрусье» пансионатым.

ЩIалэгъуалэм епсэльащ эксперт Костенкэ Наталье. Зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэр зэхьэхьуэрэ гуп къыззрагъэхьу Iэмалхэм, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм дихьэх щIалэгъуалэр зэуIу пщIымэ, я хъуэпсапIэм лъэIэсыфыну къару яIэ зэрыхъум, нэгъуэщIхэми теухуат абы и чэнджещ щIалэгъуалэм зэхахар.

Абы и псалъэм пищащ граждан жрдэм щIыныжмкIэ «Ещанэ сектор» центрым и унафэщI, «Граждан жрдэм щIыныжмкIэ школ» проектым и Iэтащхьэ, эксперт Якорев Егор. Ар тепсэлIыхьащ «Анализ проблемного поля» методикэм. Нэгъэуцу Iащхьэмэ, Iуэху зэIумыбзхэм щьэусыгъуэ яхуэхьухэм. Экспертым къызэригъэпэщащ акъылым зезыгъэужь зэпеуэ. ЩIалэгъуалэм ар щIыгъуэ ящыхъуащ икIи щэч хэлъкъым Iуэху гуэр зыублэну зи мурадым ар сэбэн зэрыхуэхъунум.

Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкI тренингхэм я мыхьэнэм къытхутепсэлIыхьащ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэ.

- «Щыхьэ зэгухьэныгъэхэм я инкубатор» проектыр ильэс етIуанэ хъуауэ йокIуэкI. А Iуэхум теухуауэ зыкъытхуэзыгъаз зэгухьэныгъэхэм сэбэн дазэрыхуэхъуным нужь дитщ, къапщтэмэ, Iэщ щIагъэлIэхэм я чэнджещэм щIыдогъэдэIу.

ЩIалэгъуалэм къахуэздгъэпэщ тренинг-хэмкIэ ди мурадщ ахэр зыпэрыувэ Iуэхум гукъыдэж хуаIэу, щIэщыгъуагъ хальхьэфу, Iэмалыщ Iэхэр кьахуэгъупсысу едгъэсэну. ЗэIущIэхэм щыщ гуэрхэр Iуащхьэмахуэ лъапэ зэрыщедгъэкIуэкIыр щIалэгъуалэм я гуапэщ - зыгъэпсэхунри Iуэхум хэгъуэзэнри эдэхьрэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Ныбжьыщ Iэхэр зочинджащ.

● Налшык

ПщIэншэу ират

ЕгъэджэныгъэмкIэ Налшык къалэ департаментым хъыбар къыззрадигъэщIамкIэ, сабийхэр зэрырагъэджэну тхылъхэр къэзымыщхьхуфыну унагъуэ хуэмыщIахэм зэрадэIэпыкъун сом мелуан 11-м нэблагъэ федеральнэ, мелуани 2,5-м нэс щIыналъэ бюджетхэм кьыхагъэкIащ.

ДЕПАРТАМЕНТым и унафэщым и къуздэз Борчаев Камал зэрыжиIамкIэ, а ахъшэр курыт школ псоми трагъэщащ нкIи сабийхэр зэредежэну программэм ипкъ иткIэ тхылъ тедзапIэхэм зыхуагъэзащ. Куэд мыщIэу зи гугъу тщIа еджакIуэ щхьэхуэхэм ахэр пщIэншэу ратынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар псоми яхурикъунукъым, ауэ, дауэ мыхъуми, унагъуэ куэдым зышIагъэкъуэну Iэмал кьарет. Кьыхэгъэщыпхъэщ: унагъуэ хуэмыщIахэм иджыщ къаралыр апхуэдэу щыздэпыкъуэр. Мы Iуэхум къыдэкIуэу, курыт еджапIэ кьэс яIэ тхылъ гъэтIылъыгъэхэми хагъэхъуэнущ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

● ТхылъыщIэ

«Лъагъуэр гъуэгум хуокIуэ»

Араш фIишар тхакIуэ Хьэх Сэфарбий и романым. А тхылъыщIэр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

ЛЪАГЪУЭ цIыкIуфэкIуу зэбгрыжа гукъэкIыжхэм цIыхум и гур зэрыгъуIуэхугъуэ псори къыззщIакъуащ: псэм и щэхур, фэм дэхуа гугъуехьхэм, гъащIэм и мыхьэнэр... Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнщ фIэщхъуныгъэм пэжыжьэу зыкъэзылъытэж Хьэхым псэр дунейм кьыщыгтехьэ щхьэусыгъуэхэм езыр-езырурэ кьахуигъуэтыж жэуапхэр. Ахэр тхылъым и едзыгъуэ кьэс кьыхоувэ. Кьыхэузвэри, зыми зэхимыха Iуэху еплъыкIэщIэ щIиуатэу.

Тхылъым увыпIэ щхьэхуэ щиубыдащ адыгэм и тхыдэмрэ кьыдекIуэкI хабзэхэмрэ, зауэ лъэхъэнэ гугъум, Дыгъужьыкъуэ кьуажэжьым дэсхэм зауэ нэужьым яшэчам. Мы лъэхъэнэхэр Iупщ1у кьыхощ «Хьыбарегъащ1э бэлтоку», «Нэмыцэхэр цIыху Iейщ» зыфIищ Iыхьэхэм.

Сабийгъуэри, щIалэгъуэри, курыт ныбжьри зи гупсысэ куухэмкIэ зэзыпхыжа Хьэх Сэфарбий и дэтхэнэ зы хъыбарри дерсышхуэ кьыхэпхын хуэдэу зэхэлъхащ.

«Лъэныкъуэ псомкIи кьикIа лъагъуэхэр зы гъуэгушхуэм хуэжIащ, адэкIэ-щэ?» - жыIэу Хьэхым дыщеупщIым, жэуапу кьыдитащ: «Лъагъуэ псорри зыщIэзыша гъуэгум ипщэкIи ищхьэрэкIи иунэтIыну иджы хуитщ...» Апхуэдэ гъэпсыкIэр творческэ гупсысэ кьулейм и нагъыщэщи, куэдым фIыуэ яльагъу тхакIуэм и Iэдакъэщ1экI тхылъеджэхэр иджыри мызэмытIэу игъэгуфIэну ди гуапэщ.

Хьэх Сэфарбий и ныбжьыр ильэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу кьыдэкIа романым сюжет пыухыкIа иIэкьым. Ар щIэщ ди литературэм дежкIэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Гу зылъытапхъэ

Псыдзэ зыщIэзуахэм фадэIэпыкъуну фыхуеймэ

2013 гъэм фокIадэм и 2-м щегъэжьауэ республикэм и пощт Iуэхущ Iапэ псоми кьыщыIах КъузкIыпIэ Жыжьэм и щIыналъэхэм щыпсэухэм ящыщу псыдзэм и зэран зэкIахэм щIыхуэхэр яфIэфIу зэрадэIэпыкъу ахьшэр. Ар пощткIэ ягъэхь «Урысейм и Жор Плъыжь» зэгухьэныгъэм и щэхIэ.

«Урысейм и пощтым» и Iэтащхьэхэр къащта унафэм ипкъ иткIэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ кьызыбгъэдэкIэм тарифкIэ щхьэщатыкIыпхъэ ахьшэр къыIахынукъым.

«Урысейм и Жор Плъыжьым» и ревизитхэр:

ИНН 7728014523
КПП 772801001
Р/с 40703810800020008563
«Урысейм и ХъуманI э банк» ОАО
Москва къалэ
К/с 30101810400000000225
БИК 044525225
ОГРН 1037700182772

Ахьшэр щевгъэхькIэ итхэн хуейщ «2013 гъэм Къуэкъ1ыпIэ Жыжьэм щыпсэухэм ящыщу псыдзэм и зэран зэкIахэм щIыхуэхэр езыхэм яфIэфIу зэрадэIэпыкъу ахьшэщ» жиIэу.

Адыгэ псори фыкъыхудоджэ

Сирие Хьэрып Республикэм щекIуэкI зауэм и зэран зэкIа ди лъэпкъэгъуэхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ, Урысей Сбербанкым и Къбэрдей-Балькъэр къудамэ №8631-м счет хэха къыщызэIуахащ. Ди къуэш-шыпхъуэхэм адэIэпыкъуну хуей дэтхэмкIэ ятеплъ счетым ахьшэ хилъхьэ хъунущ:

ИНН 0711040610/ КПП 072101001
Расчетный счет 40703810060330000227
БИК 040702660
Корсчет 30101810600000000660
Кабардино-Балкарское ОСБ №8631, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72

Адыгэ псори фыкъыхудоджэ: Iуэхуфl влэжьыным фепIэщIэкI! Фи дэтхэнэ сомри иджыпсту дэхуэха ди лъэпкъэгъуэхэм сэбэн зэрахуэхъуну щыгъуэ щIэныгъэ зэрыкъуэувэным, зэрызащIэдгъэкъуэным Iэмалу щыIэр кьыхуздвгъэгъэсбэн! Ди нэхъыжьыфIхэм купщIэшхуэ хальхьащ «Уэзкъуэтмэ - ульэщщ!» псалъэхэм.

Къуэдыхэр ипшыныртэкъым

«Канжэ - Каменка» автомобиль гъуэгум фокIадэм и 4-м сыхьэт 22-рэ дакъикъэ 50-м щыщIэпридзащ «Лада Гранта» автомашинэр. Лашынкъей кьуажэм щыщ, илъэситху хьуауэ рулым дэс щIалэм кьридзакъым зэрыжащри уэшх кьызэрещхри.

Рулым дэсам фэбжь хьэлъэ игъэтащ. Абы и гъусэу автомашинэм иса налшыкдэс цIыхубзитIми фэбжь хахащ. Ахэр яшащ Шэджэм дэт сымаджэщым.

ГИБДД-м къызэритымкIэ, зи щIалгъуэ гупыр хьэщIапIэ кьикIыжыр. «Лада Гранта» автомашинэм и шоферым нэхъатIэм мызэ-мытIэу гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр кьызэпиудащ, иужьрей ильэсым - 14-рэ. Абы кьызэкIыу тралъхьа къуэдыхэм ящыщу зыри ипшынакъым.

Хабзэм ебэкъуа шоферым и узынщагъэр зэтеувэжмэ, ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм ар административнэ жэуапым ирашэлIэнущ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэман Залинэ, Къардэн Маринэ, НэщIэныджэ Заминэ, Хьэжыкъаро Алик, ЩхьэщмыщI Иэз.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еблъэныжь, епщIапIэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапэхэм ядолажьэныжмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэжьакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Мы къыдэжьыгъуэ елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудзэ **ДышркI Соня, редактору Жылаев Маринэ, корректорхэу Мырзэкъан ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азмат** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахьэу Анжелэ, суэрэтхэм елэжьар Гъурыжь Мадинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щызэхэзыгъэуцуащ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2333